

# Mizajou sou Pwogram Healthy Incentives la (HIP)



Depans HIP depase previzyon yo.

## Kisa sa vle di pou HIP?

HIP sispann jiska nouvèl òd. Dènye jou pou resevwa benefis motivasyon HIP yo se **15 avril 2018**.

Nou konnen HIP jwe yon wòl enpòtan nan ede w achte bon fwi ak legim pou fanmi ou. Nou swete rekòmanse pwogram nan pou yon pati nan sezon rekòt ete 2018 la.

Nou pral bay plis enfòmasyon pi pre mwa jiyè 2018 lè nou konnen plis.

**Enpòtan:** Ou ka toujou itilize SNAP pou achte fwi ak legim nan

- mache agrikiltè yo
- mache mobil yo
- estann agrikòl yo
- Pwogram Agrikilti yo Kominote a sipòte



# Ogmante Plis Benefis SNAP ou yo

## Gen lòt jan pou ogmante plis benefis ou yo.

### Pale DTA De Depans ou yo!

Ou kapab jwenn kredi pou depans sa yo menm si pou kounye a ou pap peye pou yo an antye. Sa kapab ede ogmante benefis SNAP ou yo!



**Depans Kay:** Lwaye, Ipotèk, (Kapital, Enterè, Taks, & Asirans), Frè Kondo, etc.



### Depans Sèvis Piblik:

chofaj, Frechè, Elektrisite, Koleksyon Fatra, Dlo ak Egou, Telefòn



### Depans Swen Depandan:

Pale nou de gadri oswa depans swen pou adilt depandan yo



### DOR Peman Sipò Pou

**Timoun:** Ou ka jwenn kredi pou peman sipò pou timoun ke tribinal te òdone



**Depans Medikal:** Kliyan granmoun aje oswa enfim yo ka fè reklamasyon pou Ko-peman, Preskripsyon, Medikaman yo vann san Preskripsyon, Asirans Sante, Transpòtasyon, etc.

## Plis Resous



Pou jwenn sous alimantasyon lokal yo tanpri rele Project Bread's Food Source Hotline nan 1-800-645-8333



Pou jwenn pwogram esansyèl sante ak sèvis imen yo nan zòn ou an tanpri rele 2-1-1



Pou jwenn konsèy nitrisyonèl tanpri ale nan sitwèb Food & Nutrition Service la nan

[www.choosemyplate.gov](http://www.choosemyplate.gov)



Pou jwenn founisè travay ak fòmasyon lokal yo tanpri ale nan

[www.snappathtowork.org](http://www.snappathtowork.org)



Pou plis enfòmasyon sou pwogram DTA yo Tanpri ale nan [mass.gov/dta](http://mass.gov/dta)

Suiv nou sou Twitter nan @DTA\_Listens

